**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ**
**MEKTEPKE SHEKEMGI HÁM MEKTEP BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

# 2026-2027-OQÍW JÍLÍNDA QÁNIGELESTIRILGEN BILIMLENDIRIW MÁKEMELERI AGENTLIGI QURAMÍNDAǴÍ I.YUSUPOV ATÍNDAǴÍ DÓRETIWSHILIK MEKTEBINIŃ 10-KLASÍNA QABÍLLAW IMTIXANÍ USHÍN ANA TILI HÁM ÁDEBIYATÍ PÁNINEN TEST SPECIFIKACIYASI

**Tashkent – 2026**

# 2026-2027-OQÍW JÍLÍNDA QÁNIGELESTIRILGEN BILIMLENDIRIW MÁKEMELERI AGENTLIGI QURAMÍNDAǴÍ I.YUSUPOV ATÍNDAǴÍ DÓRETIWSHILIK MEKTEBINIŃ 10-KLASÍNA QABÍLLAW IMTIXANÍ USHÍN ANA TILI HÁM ÁDEBIYATÍ PÁNINEN TEST SPECIFIKACIYASI

Bul specifikaciya qánigelestirilgen bilimlendiriw mákemeleri agentligi quramındaǵı I.Yusupov atındaǵı dóretiwshilik mektebiniń 10-klasına oqıwǵa qabıllaw boyınsha hújjet tapsırǵan talabanlardıń ana tili hám ádebiyat páninen bilim, kónlikpe hám kompetenciyalardı bahalawda paydalanılatuǵın test tapsırmalarınıń mazmunı, dúzilisi, túri, forması, bahalaw kriteriyası hám ótkeriliw tártibine qoyılǵan talaplardı sáwlelendiredi.

## I. Ulıwmalıq principler

Bahalaw maqseti – talaban oqıwshılardıń ana tili hám ádebiyatı pánlerinen bilim, kónlikpe hám kompetenciyaların ámeldegi baǵdarlamalarda belgilengen oqıw maqsetleri tiykarında kompleksli bahalaw. Usı bahalaw nátiyjeleri tiykarında qánigelestirilgen bilimlendiriw mákemeleri agentligi quramındaǵı I.Yusupov atındaǵı dóretiwshilik mektebiniń 10-klasına qabıllaw boyınsha qararlar tiykarlanǵan (valid) bolıwın támiyinlew maqsetinde bahalawda validlik, isenimlilik, ádalat hám ashıq-áshkaralıq principlerine boysınılıwı támiyinlenedi.

## II. Normativlik tiykarlar

1. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2023-jıl 27-maydaǵı "Prezident, dóretiwshilik, qánigelestirilgen mektep hám mektep-internatlarına oqıwshılardı tańlap alıw hám qabıllaw tártibine tiyisli normativlik-huqıqıy hújjetlerdi tastıyıqlaw haqqında"ǵı 214-sanlı qararı.
2. Ana tili hám ádebiyatı pánlerinen ulıwma orta bilimlendiriwdiń 8–9-klaslar ushın ámeldegi oqıw baǵdarlaması.

## III. Bahalaw dúzilisi hám ajıratılǵan waqıt

Qánigelestirilgen bilimlendiriw mákemeleri agentligi quramındaǵı I.Yusupov atındaǵı dóretiwshilik mektebiniń 10-klasına oqıwǵa qabıllaw sınaǵında oqıwshılardıń ana tili hám ádebiyatı pánin biliw dárejesin anıqlaw ushın jámi **20** jabıq test tapsırması usınıladı. Tapsırmalardı orınlaw ushın **40 minut** waqıt berilgen. Bunda jabıq test tapsırmalarınan (*bir durıs juwaptı talap etetuǵın test tapsırmaları (J1), sáykeslendiriwdi talap etetuǵın test tapsırmaları (J2) hám izbe-izlikti talap etetuǵın test tapsırmaları (J3*) paydalanıladı. Test tapsırmalarınıń mazmun tarawı, bahalanatuǵın bilim, kónlikpe hám kompetenciyalar boyınsha bólistiriliwi tómendegi tablicada sáwlelengen:

| Mazmun tarawı | Soraw tártip nomeri | Bilim, kónlikpe hám kompetenciyalar | Tapsırma túri | Kognitiv dárejesi | Ball |
|---|---|---|---|---|---|
| **1. Ana tili (1-12 sorawlar) 12 soraw** | | | | | |
| **Fonetika hám imla** | 1 | Dawıslı hám dawıssız seslerdiń túrlerin ajırata alıw | J1 | B | 1.9 ball |
| | 2 | Ilgerili hám keyinli tásir boyınsha sózlerdi qáliplestire alıw. | J1 | Q | 1.9 ball |
| | 3 | Imla qağıydalarınan orınlı paydalana alıw. | J1 | B | 1.9 ball |
| **Leksikologiya** | 4 | Sózdiń leksikalıq hám grammatikalıq mánilerin ajırata alıw. | J1 | Q | 1.9 ball |
| | 5 | Turaqlı sóz dizbekleri túrlerinen orınlı paydalanıw. | J1 | Q | 1.9 ball |
| **Sóz jasalıw** | 6 | Suffiks, postfiks hám prefikslerdi ajıratıp qollana alıw. | J2 | Q | 1.9 ball |
| | 7 | Ishki hám sırtqı jasalıw tiykarında sózlerdi jasay alıw. | J2 | Q | 1.9 ball |
| **Sóz shaqapları** | 8 | Betlik hám betlik emes atlıqlardı ajırata alıw. | J1 | Q | 1.9 ball |
| | 9 | Basqa sóz shaqapların kelbetlik hám almasıq sıpatında qollana alıw. | J1 | Q | 1.9 ball |
| **Sintaksis** | 10 | Gáplerde sintaksislik birliklerden orınlı paydalanıw. | J1 | B | 1.9 ball |
| **Tekstti túsiniw** | 11 | Tekst mazmunına sáykes tema tańlaw. | J1 | P | 1.9 ball |
| | 12 | Tekst mazmunına tiyisli tiykarğı pikirdi anıqlaw. | J1 | P | 1.9 ball |
| **2. Ádebiyat (13-20 sorawlar) 8 soraw** | | | | | |
| **Hikmetli dúrdanalar** | 13 | Ádebiyat teoriyası boyınsha mağlıwmatlardı ajırata alıw. | J1 | B | 1.9 ball |
| | 14 | Dástanlardıń mazmunın túsiniw | J3 | Q | 1.9 ball |
| | 15 | Danalıq úlgileri, qaraqalpaq hám jáhán ádebiyatı dúrdanalarınıń mazmunı boyınsha shıgarılgan durıs juwmaqtı anıqlaw | J1 | P | 1.9 ball |
| **Jáhán ádebiyatı** | 16 | Jáhán ádebiyatı wákilleriniń dóretiwshiliginen keltirilgen úlgilerdi túsiniw. | J1 | Q | 1.9 ball |
| | 17 | Bas hám ekinshi dárejeli personajlardıń xarakterlik ózgesheliklerin salıstırıw. | J1 | Q | 1.9 ball |
| **Milliy miyras** | 18 | Qaraqalpaq prozası úlgilerin, bas hám ekinshi dárejeli personajlardıń xarakterlik ózgesheliklerin talqılay alıw. | J1 | P | 1.9 ball |
| | 19 | Qaraqalpaq poeziyası úzindilerin talqılay alıw. | J1 | P | 1.9 ball |
| | 20 | Qaraqalpaq klassik ádebiyatı wákilleri dóretiwshiliginen keltirilgen úzindiler mazmunı boyınsha shıgarılgan durıs juwmaqtı anıqlaw. | J1 | P | 1.9 ball |

## IV. Kognitiv kónlikpeler hám bahalaw kriteriyası

Tapsırmalar ushın belgilengen ballar olardıń quramalılıq dárejesin, orınlawda talap etiletuǵın bilim, kónlikpe hám logikalıq pikirlew muǵdarın esapqa alǵan halda belgilengen.

Test tapsırmalarınıń kognitiv kónlikpeler hám bahalaw kriteriyası boyınsha bólistiriliwi tómendegi tablicada sáwlelengen:

| Kognitiv dáreje | Túsindirme | Testler sanı | Jámi |
|---|---|---|---|
| **Biliw** | Reproduktiv dárejedegi tapsırmalardıń mazmunı oqıwshılar tárepinen oqıw materialı qayta islenbesten, olardıń este saqlaw qábiletin anıqlawshı, pánge tiyisli teoriyalıq maǵlıwmatlar, atamalar, qaǵıydalar, túsiniklerdi eslep qalıw, olardıń mazmunı, maqseti hám qollanılıwın túsiniwge qaratılǵan. | 4 | 7.6 |
| **Qollanıw** | Produktiv oqıw tapsırmalar oqıwshılar tárepinen úyrenilgen qaǵıydalardı tanıs jaǵdaylarda qollanıwdı talap etedi. Bul tapsırmalarda oqıwshılar berilgen maǵlıwmatlar tiykarında bilim, túsinik hám jaǵdaylardı jańa (tanıs emes) kontekstlerde qollanadı. | 4 | 7.6 |
| | Produktiv oqıw tapsırmalar oqıwshılar tárepinen úyrenilgen qaǵıydalardı tanıs jaǵdaylarda qollanıw, uqsas jaǵdaylarda ajırata alıw, salıstırıw, mashqalalı jaǵdaylardı anıqlawdı talap etedi. Usı tapsırmalarda oqıwshılar berilgen maǵlıwmatlardı jańa (tanıs emes) kontekstlerde qollanadı. | 6 | 11.4 |
| **Pikirley alıw** | Intellektual dárejedegi tapsırmalar ózlestirilgen bilim hám kónlikpelerdi tanıs emes jaǵdaylarda qollanıw, faktler, dáliller, pikirlerdi salıstırıw, talqılaw, boljaw hám juwmaq(lar) shıǵarıwdı talap etedi. | 6 | 11.4 |

Test tapsırmaları ulıwma **38 ball** menen bahalanadı. Test tapsırmalarında juwap variantlarınıń tek birewi tańlanadı, eki hám onnan artıq tańlanǵan juwaplar ushın ball berilmeydi.

## V. Imtixan tártibi

*Qadaǵan etilgen qurallar:* imtixan waqtında mobil telefon, aqıllı saat, planshet yaki esletpelerden paydalanıw qatań qadaǵan etiledi.

*Tártip hám intizam:* nusqa kóshiriw, járdem soraw yaki járdem beriw, imtixan dawamında sóylesiw, ruqsatsız shıǵıw sıyaqlı jaǵdaylar qadaǵan etiledi.

Baqlawshı qaǵıyda buzılıwın anıqlaǵanda, akt dúzip, tıńlawshını testten shetlestiredi hám nátiyjesi biykarlanadı.

## VI. Usınıs etiletuǵın tiykarǵı ádebiyatlar

1. Z.Kazimbetova, X.Tolıbayev, R.Niyetova, S.Toremuratova. 9-klass Qaraqalpaq tili. – Tashkent: Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi, 2025.

2. K.Palımbetov, Z.Bekbergenova, S.Kadirimbetova, D.Nurseytov. Ádebiyat. 9-klass – Tashkent: Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi, 2025.

3. K.Mámbetov, K.Palımbetov. 8-klass Ádebiyat. – Nókis: "Bilim", 2019.

4. M.Dáwletov, E.Dáwenova, D.Seydullaeva. 8-klass Qaraqalpaq tili – Nókis: "Bilim", 2019.